

[**◀Atik
anvan-an**](#)

[**Gid jénéral-la**](#)

[**Atik►
apré-a**](#)

TOUAZIÈM PATI **Lavi nan Kris-la**

PRÉMIÉ SÉKSION **Vokasion moun-nan : lavi nan Éspri-a**

PRÉMIÉ CHAPIT **Dignité moun-nan kòm moun**

ATIK 5 ***Moralité passion-yo***

1762 Moun-nan kòm moun, palintèmèdiè akt volontè li fè-yo, li orienté nan diréksion kontantman an plin-an : passion oubuin santiman (émotion) li ékspérimenté-yo kapab dispozé-l pou sa oubuin kontribué pou sa.

I. **Pasion-yo**

1763 Mo « passion »-an fè pati patrimouàn krétyin-an. Aféksion (santiman) oubuin passion dézigné émosion sensibilité-a oubuin mouvman ki pousé nou soua pou-n aji soua pou-n pa aji an fonksion sa nou santi oubuin nou imajiné kòm bon oubuin mové.

1764 Pasion-yo sé éléman natirèl psikoloji moun-nan, yo fòmé yon éspas sikilasian épí yo soutni konéksion ant lavi sansib-la ak lavi léspri-a. Granmèt nou-an dézigné kè moun-nan kòm sous koté tout mouvman passion-yo soti (cf. Mc 7, 21).

1765 Pasion-yo anpil. Pasion ki pi fondamantal-la sé rinmin-an, sa atraksion byin-an provoké-a. Rinmin-an sé kòz dézi (anvi) byin ki pa la-a épí espoua pou rivé ginyin-l. Mouvman sa-a abouti nan joui (tiré profi nan) byin yo posédé-a épí nan kè kontan pou sa. Pèsépsion mal-la sé kòz rayi, pran lafuit épí krint pou mal ki gin pou vini-yo. Mouvman sa-a abouti nan

tristès (chagrin) pou mal ki prézan-an épi nan kòlè-a k-ap konbat kont mal-la.

- 1766 « Rinmin, sé vlé ouè byin pou yon moun » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 26, 4). Tout lòt santiman-yo (aféksion-yo) pran sous yo nan mouvman prémié sa-a kè moun-nan fè pou-l rivé nan byin-an. Yo pa kapab rinmin anyin dòt pasé byin-an (cf. S. Augustin, Trin. 8, 3, 4). « Sé poutèt sa [santiman-yo] mové, si sé yon mové rinmin ; yo bon, si sé yon bon [rinmin] » (S. Augustin, civ.14, 7).

II. Pasion-yo épi lavi moral-la

- 1767 Pasion-yo, nan yo minm, yo pa ni bon ni mové. Yo résévoua kalifikasyon moral-la sèlman nan mézi yo dépann éfektivman dé rézon-an oubiyin dé volonté-a. Yo di pasion-yo volontè « soua poutèt sé volonté-a ki kòmandé yo, soua poutèt volonté-a pa anpéché-yo » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 24, 1). Pou pèfeksyon byin moral-la oubiyin moun-nan, rézon-an doué réglé pasion-yo (cf. s. th. 2-2, 24, 3).

- 1768 Gran santiman nanm-nan pa détèminé si moun-nan kòrèk moralman oubiyin si-l sin ; yo sé yon rézèvoua ki pap fini pou imaj-yo ak aféksion-yo koté lavi moral-la eksprimé-l la. Pasion-yo bon moralman lè yo kontribué pou yon bon aksion, yo mové nan ka kontré-a. Volonté ki douat-la pran mouvman sensibilité-a pou-l dirijé yo nan byin-an ak kontantman anplinan ; mové volonté-a sikorbé anba pasion déréglé-yo épi li agravé yo. Émosion-yo ak santiman-yo kapab intégré nan *vèrtu*-yo, oubiyin pèvèti nan *vis*-yo.

- 1769 Nan lavi krétyin-an, sé Éspri-Sin-an li-minm k-ap réalisé travay li, antan li mété tout moun-nan ak sa ki anndan-l an mouvman, soufrans-yo, krint-yo, chagrin-yo, jan sa parèt nan agoni ak soufrans Granmèt-la. Nan Kris-la, pasion moun-yo kapab rivé nan aboutisman yo nan charité-a ak kontantman anplin Bondié-a.

- 1770 Pèfeksyon moral-la impliké pou moun-nan mété-l an mouvman nan diréksyon byin-an pa sèlman ak volonté-l, min tou ak tandans sansib li-a, dapré paròl sa-yo nan Psòm-nan : « Kè-m ak chè-m t-ap fété nan Bondié vivan-an » (Ps 84, 3).

RÉZIMÉ

- 1771 *Mo « pasion »-an désigné aféksion-yo (émotion-yo) oubiyin santiman-yo. Palintèmèdiè émosion-l yo moun-nan gin présantiman byin-an épi li sispek mal-la.*

- 1772 *Pasion prinsipal-yo sé rinmin épi rayi, dézi (anvi) épi krint, kè kontan, tristès (chagrin) épi kòlè.*
- 1773 *Nan pasion-yo, poutèt yo sé mouvman sansibilité-a, pa gin ni byin ni mal moral. Min yo gin byin ak mal moral-la nan yo nan mézi yo dépann dé rézon-an ak volonté-a.*
- 1774 *Émosion-yo ak santiman-yo (aféksion-yo) kapab intégré nan vèrtu-yo, oubyin pèvèti nan vis-yo.*
- 1775 *Pèfékction byin moral-la sé lè sé pa sèlman volonté-a ki pousé moun-nan al nan byin-an, min « kè »-l tou.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)